

Entòmasyon Jeneral pou Moun k ap Vote

- ★ **Biwo vòt yo ouvri depi 7 è dimaten jiska 8 è diswa pou eleksyon nan nivo Eta a. Yo ariche espesimenn pou eleksyon nan nivo Eta a. Yo ariche espesimenn pou eleksyon nan nivo Eta a. Yo ariche espesimenn pou eleksyon nan nivo Eta a.** bitten ak direktiv pou vote nan biwo vòt yo, nan jou eleksyon an.
- ★ **Yo fè eleksyon primè pou prezidan chak ane nan mwa mas.**
- ★ **Yo fè eleksyon nan nivo Eta a chak 2 an, nan ane ki gen yon chif pè. Yo fè eleksyon primè nan mwa septam epi eleksyon tout bon nan mwa novam.**
- ★ **Yo fè eleksyon nan nivo Lakomin chak 2 an, nan ane ki gen yon chif enpè. Si gen yon eleksyon primè, li fèt nan mwa septam oswa oktòb, epi eleksyon tout bon an fèt nan mwa novam.**

Pou plis enfòmasyon,
ou mèl kontakte:
Boston Election Department
Boston City Hall
One City Hall Square, Room 241
Boston, MA 02201
Telefòn: (617) 635-3767
Sit Entènèt:
www.cityofboston.gov/elections

League of Women
Voters of Boston
P.O. Box 180654
Boston, MA 02118
Telefòn: (617) 782-7982
Sit Entènèt: www.lwvboston.org



Aprè mwen enskri pou vote, èske mwen pral janm genyen pou m enskri ankò?

Èske mwen kalifye pou m vote?

Mwen enskri pou vote, men mwen pa resevwa nouvèl Ajans Eleksyon an. Kisa mwen dwe fè?

Ki kote pou mwen ale pou vote?

Kisa mwen dwe fè si non m pa nan lis moun ki enskri pou vote a?

Èske mwen pral bezwen montre yon pyès didantite pou m vote?

Èske tout moun ka vote nan eleksyon primè yo?

Tout sa w Bezwen Konnen pou Vote

NAN BOSTON

Se Lig Fanm k ap Vote nan Boston ki prezante Gid sa a.

Èske mwen kalifye pou m vote?

Ou kalifye si w se yon sitwayen Ameriken, epi ou deja gen omwen 18 an nan jou eleksyon an, epi ou se yon rezidan nan vil oswa vilaj ou, lè ou enskri pou w vote.

Kouman mwen ka enskri pou vote?

Rele Ajans Eleksyon nan Boston an [Boston Election Department] nan nimewo 617-635-3767, epi mande yon fòmilè enskripsyon pou vote palapòs, oubyen ale enskri nan Ajans Eleksyon an [Election Department], ki nan adrès sa a: Boston City Hall, One City Hall Square, Sal 241. Ou ka jwenn yon fòmilè pou enskri tou nan Sèvis pou Anrejistre Veyikil Motè a [Registry of Motor Vehicles], oswa nan nenpòt kilès nan ajans leta yo, tankou Ajans pou Asistans Medikal la [Department of Medical Assistance], Ajans pou Asistans nan Tranzisyon an [Department of Transitional Assistance], Komisyon pou Moun Avèg la [Commission for the Blind], oswa Komisyon pou Moun Soud la [Commission for the Deaf], oubyen nan WIC. Sonje suiv tout direktiv ki ekri nan fòmilè enskripsyon an.

Aprè mwen enskri pou vote, èske mwen pral janm genyen pou m enskri ankò?

Si w chanje adrès ou oswa non w, oubyen si w vle chanje pati politik ou enskri a, ou pral bezwen enskri ankò.

Nan ki dènye dat mwen ka enskri pou m vote anvan dat eleksyon an?

20 jou anvan dat eleksyon an. Aprè dat limit la pase, ou ka enskri pou eleksyon ki pral fèt apre a. Si w te natirize Ameriken anvan dat limit pou w enskri pou vote a, ou mèt pote papyè natirizasyon w ki montre dat la nan Ajans Eleksyon ki nan biwo Lakomin Boston an jouk nan dat eleksyon an, anvan 4rè apremidi.

Ki kote pou mwen ale pou vote?

Gen yon biwo eleksyon ki pou zòn kote adrès ou ye a nan Boston. Depi ou fin enskri pou w vote, w ap resevwa yon lèt konfimasyon ki soti nan Ajans Eleksyon an, ki pral di w kote pou w ale vote nan zòn ou rete a. Ou mèt rele Ajans Eleksyon an tou, nan nimewo (617) 635-3767, oswa gade nan sit Entènèt li a nan adrès www.cityofboston.gov/elections.

Mwen enskri pou vote, men mwen pa resevwa nouvel Ajans Eleksyon an. Kisa mwen dwe fè?

Si gen 2 oubyen 3 semenn ki pase depi dat ou te enskri a, epi ou poko resevwa yon lèt konfimasyon ki di ou ka vote, ou mèt kontakte Ajans Eleksyon Boston an nan nimewo (617) 635-3767.

Kouman mwen kapab vote?

Depi 2003, Boston ap sèvi ak AccuVote Optical Scanners, ki sèvi anpil nan tout Eta Massachusetts la. Depi ou anrejistre nan kote pou w vote a, y ap ba ou yon bilten, epi y ap mande w chwazi yon non; pou fè sa, ou pral nwasi ti fòm oval ki anfas non kandida ou vle a (yo), oswa repons ou vle montre pou kesyon nan bilten an. Konsa ou fini, y ap mande w mete bilten w lan nan aparèy AccuVote Optical Scanner la, ki pral pran bilten w lan epi fini pwosesis la. Pou mande yon tiliv sou AccuVote-OS System lan, ou mèt kontakte Ajans Eleksyon Boston an nan nimewo (617) 635-3767.

Èske mwen ka vote menm si mwen pa ka li ni ekri angle?

Wi, depi ou enskri pou w vote. Ou ka mande yon zanmi ede w oubyen ou kapab mande anplwaye nan biwo vòt la ede w, pandan ou la.

Kisa mwen dwe fè si non m pa nan lis moun ki enskri pou vote a?

Mande direktè biwo eleksyon ou ale a gade si w enskri nan lis moun ki pa aktif yo, oubyen si w enskri nan yon lòt biwo vòt. Si yo pa ka jwenn non w toujou, ou mèt ale nan Ajans Eleksyon ki nan biwo Lakomin Boston an, pou eseye tabli idantite w kòm yon moun ki enskri pou vote, oubyen ou mèt depoze yon bilten pwovizwa. Pou depoze yon bilten pwovizwa, ou dwe montre yon pyès didantite epi fè yon deklarasyon devan yon ajan biwo eleksyon kote ou ye a, pou di ou se yon moun ki enskri pou vote nan vil Boston, epi ou rete nan menm zòn elektoral la. Aprè eleksyon an, Ajans Eleksyon an pral fè rechèch nan dosye yo pou gade si w enskri pou vote; si l rive konfime sa, bilten w lan ap konte. Si yo pa kapab konfime ou enskri pou vote, yo pral kite bilten an kachte, epi y ap tann jouktan règleman yo pèmèt detwi bilten an.

Èske mwen bezwen bay yon pyès didantite avèk fòmilè enskripsyon pou vote a?

Si se premye fwa w ap enskri palapòs pou vote nan Massachusetts, ou mèt voye yon kopi pyès didantite w ansanm ak fòmilè enskripsyon an. Osinon, yo pral mande w montre yon pyès didantite premye fwa ou ale vote nan yon eleksyon federal. Pou yon pyès didantite aseptab, li dwe montre non w ak adrès kote ou enskri pou vote a; se kapab yon pyès didantite tankou: yon lisans chofè ki valid; yon foto idantifikasyon; bòdwo ou fenk resevwa pou dlo, gaz, oswa elektrisite; rapò labank voye ba ou; chèk ou touche nan travay; yon chèk ou resevwa nan men leta; oswa nenpòt ki lòt dokiman leta ki montre non ak adrès ou.

Kisa mwen ka fè si m pa kapab ale nan biwo vòt la, nan jou eleksyon an?

Si ou pa pral nan kote pou w vote a, oubyen ou gen yon pwoblèm fizik, oubyen ou gen prensip nan relijyon w ki anpeche w ale vote, ou ka sèvi ak yon bilten pou moun absan. Fè aplikasyon palapòs, oubyen ale ou menm mande yon bilten pou moun absan nan Ajans Eleksyon an. Dat limit pou fè aplikasyon an, se jou anvan eleksyon an, jiska midi. Sèlman, si se palapòs w ap voye bilten w lan, li dwe rive nan Ajans Eleksyon an anvan yo fèmen biwo vòt yo, nan jou eleksyon an.

Kisa ki rele Resansman Rezidan chak ane a?

Chak ane, Ajans Eleksyon Boston an fè resansman sa a palapòs pou anrejistre tout rezidan ki deja gen 17 an yo. Ou dwe retounen fòmilè sa a bay Ajans Eleksyon an (palapòs oubyen pote l ou menm) pou non w kapab rete nan lis moun ki ka vote yo. Si w chanje kay oubyen non w, ou dwe enskri ankò pou w vote.

Èske tout moun ka vote nan eleksyon primè yo?

Ou pa bezwen manm nan yon pati politik pou w vote nan eleksyon primè yo. Si w anrejistre nan yon pati politik, ou kapab vote sèlman nan eleksyon primè pati sa a. Si w anrejistre nan yon pati politik, men ou vle vote nan eleksyon primè yon lòt pati, ou dwe chanje pati ou anrejistre a oswa enskri tèt ou tankou moun ki “pa manm” nan yon pati anvan dat limit pou enskri a rive pou eleksyon sa a. Si w pa sèten nan ki pati ou anrejistre, kontakte Ajans Eleksyon Boston an anvan dat limit la rive pou enskri pou eleksyon sa a. Si w “pa manm” nan okenn pati, ou gen dwa chwazi bilten primè nenpòt ki pati. Aprè ou vote, ou pral retounen tankou yon moun ki “pa manm”.

E si mwen vle chanje pati mwen manm ladan an?

Ou ka chanje pati ou anrejistre a palapòs oubyen si w ale nan Ajans Eleksyon an nenpòt kilè, sòf pandan 20 jou ki anvan eleksyon primè a. Si w vle chanje pati politik, oswa retire non w kòm moun ki anrejistre nan yon pati apre eleksyon primè yo, ou kapab fè sa touswit apre ou vote, si w ekri sa nan youn nan kat ou ka jwenn nan kote ou vote a, epi remèt kat la bay yon anplwaye nan biwo vòt la.

Èske mwen pral bezwen montre yon pyès didantite pou m vote?

Ou pral bezwen fè sa sèlman si se premye fwa w ap vote apre ou te enskri palapòs, si w te enskri konsa nan dat premye janvyè 2003 oubyen anvan, oubyen si w ou pa te retounen fòmilè Resansman Rezidan chak ane biwo Lakomin Boston an te voye ba ou. Osinon, ou pa bezwen pyès didantite pou w vote.

Vote se yon dwa kontitasyon an bay tout sitwayen Ameriken, epi se youn nan plizyè mwayen pi enpòtan pou sitwayen Ameriken fè tande vwa yo nan nivo gouvenman lokal, Eta, ak federal. Men plizyè nan kesyon pifò moun konn mande sou pwosesis sa a.